# ПЕДАГОГТЫҢ ПИДАЙЫЛЫҒЫ СЕБЕПЛИ, БИР ШАҢАРАҚТЫҢ ӨМИРИ САҚЛАП ҚАЛЫНДЫ

Бийғәрез ҳәм пәраўан елимизде, жәмийет раўажланыўына үлес қосыў, «Өз үйиңди - өзиң асыра» деген принципке сүйенген ҳалда биринши нәўбетте, өз шаңарағымызда саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, ҳәр тәреплеме бәркамал перзентлер тәрбиялаў арқалы – пуқаралық ҳәм инсаныйлық ўазыйпамызды атқарған боламыз. Әсиресе, бүгинги күнде дунья мәмлекетлеринде кең тарқалып, глобал машқалаға айланған коронавирус пандемиясы дәўиринде, сондай-ақ, түрли тәбийий апатшылықлар, айрықша жағдайлар себепли, елимиз басына түскен сынаўлы күнлерде қәўип-қәтерлерге қарсы гүресиў, миллий қәдирият ҳәм үрп-әдетлеримизди даўам еттирип, меҳир-ақыбет, қайыр-сақаўат көрсетиў ең ағла пазыйлетлерден саналады.

Image not found or type unknown

Айрықша жағдайлардың алдын алыў бағдарында, районымызда тийисли тараў қәнигелери қатнасында тәбийий газден мақсетке муўапық пайдаланыў ҳәм қәўипсизлик қағыйдаларына әмел етиў бойынша алып барылып атырған үгит-нәсият илажларына қарамастан, айрым пуқараларымыз тәрепинен өзбасымшалыққа жол қойылмақта. Атап айтқанда, «Дослық» мәкан пуқаралар жыйыны Бахытлы көшеси 5-жай 1-хана турғыны Елмуратов Назарбайдың шаңарағында, усы жылы 12-декабрь күни ийс газинен зәҳәрлениў жағдайы жүз бериўи ақыбетинде, хожалық басшысы Елмуратов Назарбай, ҳаялы Турдымуратова Гүлистан ҳәм жас өспирим перзентлери, райондағы 19-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби оқыўшылары Қалбаев Нурлыбек ҳәм Қалбаева Бийбиназлар районлық Медицина бирлеспесиниң жанландырыў бөлимине жатқарылған. Бул ҳәдийсениң өз ўақтында анықланыўы ҳәм бир шаңарақ ағзаларының өмириниң сақлап қалыныўында 19-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби оқытыўшысы Абуова Асия Жақсылыковнаның кәсибине болған пидайылығы ҳәм ҳәр бир шәкиртине айрықша сүйиспеншилиги менен бийбаҳа үлес қосты.

Абуова Асия өзи басшылық етип атырған 5-класс оқыўшысы Қалбаева Бийбиназдың 12-декабрь күни сабаққа себепсиз келмей қалғанлығынан қәўетерленип, ата-анасына қоңыраў етеди. Ата-анасы телефон қоңыраўларына жуўап бермегенлиги себепли, жақын туўысқанларына хабар бериўи нәтийжесинде, бахытсыз ҳәдийсеге ушыраған хожалық ағзаларына өз ўақтында биринши медициналық жәрдем көрсетилип, өмирлериниң сақлап қалыныўына ерисилди.

Image not found or type unknown

Оқытыўшының бул ийгиликли иси бәршеге үлги болды десек қәлеспеймиз. Педагогтың бул ағла пайзылетин ҳешнәрсе менен өлшеп болмайды, сондай болса да, Қанлыкөл районы ҳәкимлиги мәжилислер залында, районы ҳәкими, бәрше мәкеме, кәрхана, шөлкем басшылары ҳәм билимлендириў саласында мийнет етип киятырған барлық педагоглар қатнасында, келешек әўладты тәрбиялаўдағы айрықша мийнетлери, оқытыўшылық кәсибине пидайылығы, жоқары дәрежедеги инсаныйлық пазыйлетлери ҳәм инсанларға бийғәрез жәрдемлер көрсетиў жолындағы белсендилиги ушын Қанлыкөл районы Халық билимлендириў бөлимине қараслы 19-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби оқытыўшысы Абуова Асия Жақсылыковнаға районы ҳәкими Абу-Бакир Ибрагимов айрықша миннетдаршылық билдирип, баҳалы саўғалар менен хошаметледи.

“Ўақыя болған күни тийисли тараў қәнигелери менен биргеликте жәбирленген шаңарақты емлеўханаға жеткеремен дегенше, жанымызда болып, оқыўшысы ушын қайғырып, жағдайын билиўге тырысқан Асия апаны, ҳақыйқый пидайы устаз деп атағым келеди. Бүгин оқытыўшымыздың шәкиртлерине болған мийирманлығы себепли, бир кеўилсиз ҳәдийсениң алды алынып, бир шаңарақтың төрт ағзасының өмири сақланып отыр. Районымызда Асия ападай кәсибине садық оқытыўшылардың бар екенлиги мени қуўандырады”-деп келтирип өтти, район ҳәкими өз сөзинде.

Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети